**PUPUH VIII: PANGKUR (8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i)**

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 1. | Ěněngěna ing Měntaram<br>yata gěntya ingkang winarneng tulis<br>ing Pajang ingkang cinatur<br>Kangjěng Sultan pan lagya<br>siniwaka pěpak wadya agung-agung<br>ingkang tansah munggeng ngarsa<br>Dipati Mancaněgari | Hentikan di Mataram,<br>ganti diceritakan dalam tulisan.<br>Diceritakan di Pajang,<br>Kanjeng Sultan sedang<br>dihadap lengkap para pembesar,<br>yang selalu di depan<br>Adipati Mancanegara. |
| 2. | Pangran Dipati Běnawa<br>mapan jajar lawan Dipati Tubin<br>Dipati Děmak puniku<br>samya mantu Nalendra<br>Kangjěng Sultan pangandikanira arum<br>eh ta paran karsanira<br>Dipati Mancaněgari | Pangeran Adipati Benawa,<br>duduk sejajar dengan Adipati Tuban,<br>(dan) Adipati Demak<br>itu semua menantu Raja.<br>Kanjeng Sultan berkata dengan halus,<br>"Heh bagaimana pendapatmu<br>Adipati Mancanegara? |
| 3. | Putrengulun Senapatya<br>pan wus lawas dene tan ana prapti<br>Dipati Manca umatur<br>rumiyin atur kula<br>mapan wontěn sěmados ing tigang taun<br>punika dugi kawula<br>dereng dugi kang prějangji | Putraku Senapati<br>Mengapa sudah lama tidak datang?"<br>Adipati Manca menjawab,<br>"Dulu saya katakan<br>menyanggupi dalam tiga tahun,<br>ini perhitungan saya<br>belum tiba saatnya." |
| 4. | Sri Nalendra angandika<br>(h. 309) kaya paran kangěningsun kěpati<br>sědhela arěp katěmu<br>apa ta nora kěna<br>tinimbalan Sang Dipati ris umatur<br>kawula mapan sumangga<br>ing karsa Sri Narapati | Sang Raja berkata,<br>"Sepertinya amat sangat kerinduanku,<br>ingin bertemu sebentar,<br>apakah tidak bisa<br>dipanggil?" Sang Adipati halus berkata,<br>"Hamba mengikuti perintah,<br>terserah Sang Raja." |
| 5. | Sapa baya kang prayoga<br>animbali mring putrengulun Měntawis | "Siapakah yang seyogyanya<br>memanggil putraku Mataram?." |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Dipati Manca umatur<br>kawula pan sumangga<br>ingkang karsa kilap punapa pukulun<br>Sang Nata aris ngandika<br>iya Si Dipati Tubin | Adipati Manca menjawab,<br>“Saya serahkan<br>yang dikehendaki Paduka.”<br>Sang Raja halus katanya,<br>“Ya Adipati Tuban |
| 6. | Kělawan Dipati Děmak<br>Kangjěng Pangran Běnawa ris turneki<br>yen kenging amba umatur<br>kados sangět kagetnya<br>dugi kula tan prayogi dadosipun<br>pun adhi Dipati Děmak<br>lawan pun adhi ing Tubin | dan Adipati Demak.”<br>Kanjeng Pangeran Benawa perlahan katanya,<br>“Kalau boleh hamba mengatakan,<br>tampak mengherankan.”<br>Menurut saya kurang baik jadinya,<br>adinda Adipati Demak<br>dan adinda di Tuban. |
| 7. | Yen parěng karsa Nalendra<br>pan pun adhi ingkang salah satunggil<br>kinanthena mring pukulun<br>kawula kang lumampah<br>yata mesěm Sri Nalendra (h. 310)<br>ngandikarum<br>kalingane si Běnawa<br>kuwatir sadulurneki | Kalau Raja berkenan<br>adinda salah satunya<br>yang disertakan oleh Paduka,<br>saya yang berangkat.”<br>Tersenyum Sang Raja manis katanya,<br>“Rupanya si Benawa<br>mengkhawatirkan saudaranya. |
| 8. | Ya jěbeng sunturut sira<br>sunkantheni lawan Dipati Tubin<br>kalihan samya turipun<br>inggih nuhun sandika<br>nulya luwar Sang Nata manjing<br>kědhatun<br>wus bubar sagung kang seba<br>Pangran Běnawa winarni | Ya, Nak. Aku setuju.<br>Aku sertakan Adipati Tuban.”<br>Keduanya mengatakan,<br>“Ya, bersedia.”<br>Lalu selesai Sang Raja memasuki istana.<br>Sudah selesai semua yang menghadap.<br>Diceritakan Pangeran Benawa |
| 9. | Lawan Sang Dipati Tuban<br>lajěng budhal mangkat dhatěng<br>Měntawis<br>langkung asri balanipun | dan Sang Adipati Tuban,<br>lalu berangkat menuju Mataram,<br>berbaris rapi prajuritnya.<br>Hentikan yang berjalan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | ěněngna kang lumampah<br>ing Měntaram Senapati kang winuwus<br>lawan Kyai Mandaraka<br>mapan wus miarsa warti | Di Mataram, Senapati diceritakan,<br>dengan Kyai Mandaraka,<br>sudah mendengar kabar, |
| 10. | Lamun Pangran Dipatya[1]<br>kang ingutus lawan Dipati Tubin<br>Ki Mandaraka amuwus<br>eh jěbeng paran karsa<br>arenira Pangran Běnawa ingutus<br>kalawan Dipati Tuban<br>apa nora mapag iki | kalau Pangeran Adipati<br>yang diutus dengan Adipati Tuban.<br>Ki Mandaraka berkata,<br>“Hai, Nak. Bagaimana kehendakmu?<br>Adinda Pangeran Benawa diutus<br>bersama Adipati Tuban.<br>Apakah tidak (akan) menjemput? |
| 11. | Pan ingsun něrah kewala<br>Senapati Ngalaga ngandikaris<br>(h. 311) Paman botěn měthuk ulun<br>wontěn ngriki kewala<br>ngalun-alun Ki Mandaraka lon muwus<br>ya jěbeng sakarsanira<br>mapan wus prayoga iki | Saya menurut saja.”<br>Senapati Ngalaga halus katanya,<br>“Paman, aku tidak akan menjemput,<br>di sini saja<br>(di) alun-alun.” Ki Mandaraka perlahan berkata,<br>“Ya, Nak. Sekehendakmu.<br>Itu sudah baik .” |
| 12. | Kawarna kang lumampah[2]<br>Kangjěng Pangran Běnawa sawadyeki<br>lan Dipati Tuban iku<br>ngalun-alun wus prapta<br>pan wus cundhuk Senapati Měntarum<br>lan Kiyai Mandaraka<br>těnapi Dipati Tubin | Diceritakan yang berjalan,<br>Kanjeng Pangeran Benawa dan prajuritnya,<br>dan juga Adipati Tuban<br>sudah sampai di alun-alun.<br>(Mereka) sudah bertemu Senapati Mataram<br>dan juga Kyai Mandaraka,<br>demikian pula Adipati Tuban. |
| 13. | Pan wus samya tata lěnggah<br>lawan sampun anjawat asta sami<br>Dipati Tuban tyasipun<br>mapan sampun uninga<br>Senapati yen wus ewah patrapipun | Semua sudah menempati tempat duduknya<br>dan sudah berjabat tangan.<br>Adipati Tuban hatinya<br>sudah merasakan<br>bahwa Senapati sudah berubah sikapnya. |

[1] Kurang satu suku kata
[2] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | nanging Pangeran Běnawa<br>tan ewah karsanereki | Tetapi Pangran Benawa<br>tak berubah kehendaknya. |
| 14. | Lěnggah aneng tratag rambat<br>mungger[3] kursi kang wadya dher ngěběki<br>wong Tuban lamun dinulu<br>ngajrihi sasolahnya<br>anom-anom pan samya kaduk purun[4]<br>mang- (h. 312) kana Rahaden Rangga<br>lěnggah neng ngandhaping kursi | Duduk di *tratag rambat,*<br>di kursi, prajurit memenuhi di bawah,<br>orang Tuban kalau dilihat,<br>seakan-akan menakutkan,<br>muda-muda nampak beringas.<br>Demikianlah Raden Rangga,<br>duduk di bawah kursi. |
| 15. | Sang Senapati riwusnya<br>bujakrama dhumatěng tamuneki<br>tan kirang wěradin sampun<br>Pangran Běnawa něbda<br>Kakang Senapati kawula ingutus<br>dhumatěng Jěng Sultan Pajang<br>Paduka dipuntimbali | Sang Senapati lalu<br>mennjamu makan tamunya,<br>tak kekurangan merata semuanya.<br>Pangeran Benawa berkata,<br>"Kakanda Senapati saya diutus<br>oleh Kanjeng Sultan Pajang,<br>Paduka dipanggil. |
| 16. | Jěng Rama kangěn kalintang<br>Senapati sandika aturneki<br>nging adhi andika matur<br>kirang kědhik punika<br>nuhun inah benjing punika yen sampun<br>měngkana Dipati Tuban<br>pan wus kaduga tyasneki | Ayahanda sangat rindu."<br>Senapati menyatakan kesanggupan.<br>"Hanya adinda hendaknya engkau katakan,<br>kurang sedikit ini,<br>mohon waktu besok kalau sudah (selesai).<br>Demikianlah Adipati Tuban,<br>hatinya sudah menduga, |
| 17. | Nanging inginěb jro nala<br>pan sinamur gumujěng sarya ngling[5]<br>kakang Senapati sampun<br>Paduka dados manah<br>pan kawula ayun atanya satuhu | tetapi dipendam dalam hati,<br>disamarkan dalam tawa seraya berkata,<br>"Kakang Senapati jangan<br>Paduka pikirkan,<br>saya ingin bertanya sesungguhnya. |

[3] Sesuai konteks dibaca : *munggeng*
[4] Kurang satu suku kata
[5] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | ing Mĕntawis gih punika<br>punapa wontĕn jalmi[6] | Di Mataram ini,<br>apakah ada manusia |
| 18. | Kang langkung samining jalma<br>prawiranya mring tĕguh ingkang kulit<br>mesĕm Senapati muwus<br>adhi lang- (h. 313) kung dupara<br>ing Mĕntawis gih adhi tiyang desa tus<br>kajawi macul kewala<br>kalawan anuntun sapi | yang melebihi sesama manusia?<br>keperwirannya teguh kuat."<br>Tersenyum Senapati berkata,<br>"Adinda sangat berlebihan.<br>Adinda, (bisanya) di Mataram orang asli dari desa,<br>hanya mencangkul saja,<br>dan menuntun sapi." |
| 19. | Gumujĕng Dipati Tuban<br>sarya latah lawan amatur aris<br>ing Tuban kakang pan agung<br>tiyang ingkang prawira<br>nging kang punjul pan naming tiyang wĕwolu<br>sapunika kula bĕkta<br>bilih sampeyan yun uning | Tertawa Adipati Tuban,<br>terbahak sambil berkata,<br>"Kanda, di Tuban banyak<br>orang yang perwira,<br>tetapi yang menonjol hanya delapan.<br>Sekarang saya bawa,<br>mungkin anda ingin tahu? |
| 20. | Lan dipundamĕl tingalan<br>ing lĕnggahan amrih sampun asĕpi<br>mesĕm Senapati muwus<br>adhi langkung prayoga<br>bok suwawi adhi pun kakang yun wĕruh<br>nulya Sang Dipati Tuban<br>kajinĕman dentimbali | Dan jadi tontonan,<br>di pertemuan agar tidak sepi."<br>Senapati tersenyum berkata,<br>"Lebih baik, Adinda.<br>Ayolah adinda, kakanda ingin melihat."<br>Lalu Adipati Tuban<br>memanggil prajurit. |
| 21. | Mapan wolu kathahira<br>kang sĕkawan ngagĕm pĕdhang lan tamsir<br>sĕkawan angagĕm lawung<br>nulya Dipati Tuban<br>aparentah mundhut gĕndhing Kalaganjur | Ada delapan jumlahnya,<br>yang empat dengan pedang dan *tamsir,*<br>empat dengan tombak.<br>Adipati Tuban lalu<br>memerintahkan meminta gending Kalaganjur.<br>Tak beberapa lama lalu dibunyikan,<br>banyak orang yang menonton. |

[6] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | tan pantara gya tinĕmbang<br>langkung jalma kang ningali | |
| 22. | Sang Dipatya angandika<br>lah ta mara padha (h. 314)<br>denkapareng[7] ngarsi<br>kajinĕman sampun maju<br>Sang Dipatya ngandika<br>wus ta mara bĕksaa sira wong wolu<br>denkayaa date ika<br>poma aja ngungkak ati | Sang Adipati berkata,<br>“Nah, ayolah semua diperbolehkan maju.”<br>Prajurit sudah maju.<br>Sang Adipati berkata,<br>“Sudah, ayo menarilah engkau  delapan orang,<br>seperti biasanya itu,<br>jangan tinggalkan tata krama. |
| 23. | Ing Mĕntaram pan tan ana<br>ingkang bisa bĕksa lir sira sami<br>nulya nĕmbah nyandhak lawung<br>ana nyandhak kang pĕdhang<br>Kalaganjur tinitir kĕlangkung umyung<br>kajinĕman wolu pisan<br>kang manah gĕmbira sami | Di Mataram tidak ada<br>yang bisa menari seperti kalian semua.<br>(Mereka) lalu menyembah mengambil tombak,<br>ada yang mengambil pedang.<br>Kalaganjur ditabuh sangat gemuruh,<br>kedelapan prajurit<br>semua hatinya gembira. |
| 24. | Lajĕng mĕntarakĕn samya<br>wolu pisan ing kaprawiraneki<br>kang sĕkawan bĕksa lawung<br>bĕksa tameng sĕkawan<br>ingkang lawung kinarya onclang pan muluk<br>ingkang tameng pan mĕngkana<br>tinadhahan jaja sami | Kemudian dibagi<br>kedelapan prajurit.<br>Empat (prajurit) yang menarikan tombak,<br>(sementara) empat (lainnya) menarikan tameng.<br>Tombak dilemparkan ke atas,<br>demikian juga tamengnya,<br>ditangkap dengan dada semuanya. |
| 25. | Sampunnya lajĕng tumandang<br>ingkang lawung gĕnti larih-linarih<br>tan ana kuciwanipun<br>kang tameng pan mĕngkana<br>pan binuwang kang tameng sĕkawanipun | Setelah itu lalu beraksi<br>tombak bergantian menusuk,<br>tak ada yang mengecewakan.<br>Demikian juga yang tameng,<br>keempat tameng dibuang,<br>berganti saling menusukkan pedang, |

[7] Sesuai konteks dibaca: *denkaparĕng*

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | agĕnti pĕdhang-pinĕ-(h.215)dhang<br>tan ana kang nguciwani | tak ada yang mengecewakan. |
| 26. | Raden Rangga dĕdangunya<br>aningali langkung panas tyasneki<br>sring nguthik sampeyanipun<br>kang rama Senapatya<br>nanging asring pinanthĕlĕngan puniku<br>kendĕl sakĕdhap kewala<br>dangunya mangkono ugi | Raden Rangga selama itu,<br>menonton sangat panas hatinya,<br>(karena) sering menyenggol kaki<br>ayahanda Senapati,<br>tetapi sering dipelototi,<br>berhenti sebentar,<br>demikian selama itu. |
| 27. | Dipati Tuban tumingal<br>yen kang putra asring authak-uthik<br>nulya angandika arum<br>tanya dhatĕng kang raka<br>yun punapa kangmas pun thole puniku<br>Sang Senapati ngandika<br>lare jawal tan prayogi | Adipati Tuban melihat<br>kalau putranda sering menyenggol,<br>lalu manis berkata,<br>bertanya kepada kakanda,<br>"Kakanda, ingin apa ananda (dikau) itu?"<br>Sang Senapati berkata,<br>"Anak bandel tidak pantas." |
| 28. | Gumujĕng Dipati Tuban<br>bok kajĕnge kakangmas Senapati<br>pun thole tumut sinau<br>drĕrapon gar tyasira<br>mungpung wontĕn kang mulang lĕrĕs<br>puniku<br>wus thole mara meluwa<br>Den Rangga datan ningali | Tertawa Adipati Tuban,<br>"Sudah, biarlah kakanda Senapati,<br>ananda ikut belajar,<br>agar senang hatinya,<br>mumpung ada yang mengajari dengan benar.<br>Sudah, Nak. Ayo ikutlah."<br>Raden Rangga tak memperhatikan. |
| 29. | Matur malih Sang Dipatya<br>mring kang raka bok sampeyan lilani<br>ngangkah punapa puniku<br>kajĕnge dipunwu- (h. 316) lang<br>Senapati angandika arum[8]<br>wus thole mara meluwa<br>jaluk wuruk anak mami | Berkata lagi Sang Adipati<br>pada kakanda, "Kanda, ijinkanlah.<br>(Ia) menginginkan apa (yang sedang diajarkan)<br>itu,<br>supaya diajari."<br>Senapati halus berkata,<br>"Sudah, Nak. Ikutlah sana. |

[8] Kurang dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | Anakku minta diajari.” |
| 30. | Dipati Tuban ngandika<br>mapan sarya gumujĕng suka nĕnggih<br>marang kajinĕmanipun<br>eh ya bocah ing Tuban<br>putraningsun kĕpengin bĕksa yun melu<br>lah poma wurukĕn padha<br>sandika samyaturneki | Adipati Tuban berkata<br>dengan suka, tertawa<br>pada prajuritnya,<br>“Hai, anak Tuban.<br>Putraku ingin ikut menari.<br>Nah, ajarilah.”<br>Semua menyatakan bersedia. |
| 31. | Mĕngkana Rahaden Rangga<br>mundhut agĕm lawungira wus prapti<br>lawan ingkang tameng iku<br>gotong wolu lawungnya<br>ingkang tameng pan gotong sĕkawan iku<br>kang kinarya mapan waja<br>lawung kayu nagasari | Demikianlah Raden Rangga,<br>mengambil senjata tombak. Sudah tiba<br>(be)serta tamengnya,<br>membawa delapan tombaknya,<br>tamengnya membawa empat,<br>yang terbuat dari baja,<br>tombak kayu *nagasari.* |
| 32. | Sagunge wadya ing Pajang<br>lan ing Tuban samya jĕngĕr ningali<br>Sang Dipatya sarĕng dulu<br>kang tyas langkung bramatya<br>dadya lingsĕm kathah kaduk ingkang wuwus<br>mesĕm Pangeran Bĕnawa<br>Den Rangga ingkang winarni | Seluruh prajurit Pajang<br>dan Tuban semua tertegun melihatnya.<br>Sang Adipati ketika melihat,<br>hatinya sangat panas,<br>menjadi malu banyak kata yang terlalu berlebihan.<br>Tersenyum Pangeran Benawa.<br>Diceritakan Raden Rangga, |
| 33. | Pan mundhut gĕndhing Katawang<br>(h. 317) lajĕng bĕksa nyandhak lawungneki[9]<br>rinangkĕp lan tamengipun<br>surak wadya Mĕntaram<br>ingkang lawung kinarya onclang pan muluk<br>pan naming kantun samĕrang | minta gending Ketawang,<br>lalu menari mengambil tombak,<br>bersama dengan tamengnya.<br>Prajurit Mataram bersorak sorai.<br>Tombak dilemparkan ke atas,<br>hanya tinggal (setinggi) batang padi,<br>jatuh ditangkap dengan betis. |

[9] Kurang satu suku kata.

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | dhawah tinadhahan wĕntis | |
| 34. | Tamengnya nulya binuwang<br>mapan muluk nging sakupu kaeksi<br>dhawah tinadhahan sampun<br>ing jaja Raden Rangga<br>mapan kontal kang tameng waja amurub<br>jĕngrĕ ingkang kajinĕman<br>wolu mitĕnggĕngĕn sami. | Tamengnya lalu dibuang<br>ke atas hanya terlihat sekupu-kupu,<br>jatuh sudah ditangkap<br>di dada Raden Rangga,<br>terpental tameng baja menyala.<br>Tercengang para prajurit<br>delapan semua tertegun. |
| 35. | Bramatya Dipati Tuban<br>kang jinĕman wolu wus denkĕjepi<br>pan sarĕng nĕrajang sampun<br>anumbak lan amĕdhang<br>Raden Rangga eca bĕksa onclang lawung<br>sapolahnya kang jinĕman<br>Raden Rangga tan mĕrduli | Panas hati Adipati Tuban,<br>para prajurit sudah dikerdipi (mata),<br>semua bersama menyerang,<br>menombak dan menghunus pedang,<br>Raden Rangga tenang menari melempar tombak,<br>segala ulah prajurit<br>tak dipedulikan oleh Raden Rangga. |
| 36. | Wong Mĕntaram surakira<br>bal-ambalan wong Tuban lit tyasneki<br>Sang Dipatya aris muwus<br>mara kulu- (h. 318) p malĕsa<br>didimekna rame kang padha andulu<br>Raden Rangga eca bĕksa<br>mapan datan aningali | Sorak orang Mataram<br>bersahut-sahutan.  Orang Tuban kecil hati.<br>Sang Adipati halus berkata,<br>“Ayo, Nak. Balaslah.<br>Supaya ramai yang menonton.”<br>Raden Rangga tetap menari<br>bahkan tanpa melihat. |
| 37. | Nulya Adipati Tuban<br>ris turira dhatĕng Sang Senapati<br>pangandikanira arum<br>pun thole Paduka atag<br>amalĕsa marang wong Tubin puniku<br>wus kulup mara malĕsa<br>bramatya Den Rangga nuli | Lalu Adipati Tuban<br>perlahan katanya pada Sang Senapati,<br>katanya halus,<br>“Ananda, Paduka perintahkan<br>supaya membalas orang Tuban itu.”<br>“Sudah, Nak. Ayo balaslah.”<br>Panas hati Raden Rangga lalu |
| 38. | Ingkang kalih kajinĕman | dua prajurit |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | dendu kumba pěcah ěndhasnya sami<br>kalih kinarya puniku<br>onclang rěmpu ěndhasnya<br>kang sěkawan punika mati sinikut<br>měcah balung dhadhanira<br>langkung merang Sang Dipati | diadu kepala, semua pecah kepalanya.<br>Dua dijadikan<br>lemparan remuk kepalanya,<br>yang empat mati disikut,<br>pecah tulang dadanya.<br>Sangat malu Sang Adipati |
| 39. | Anulya nitih turangga<br>datan pamit marang Sang Senapati<br>kang kuda sinabět mamprung<br>tan mawi nolih bala<br>wadyanira kěkecer turut dělanggung<br>antukira marang Pajang<br>Pangran Běnawa winarni | lalu menunggang kuda,<br>tanpa pamit kepada Sang Senapati.<br>Kuda dicambuk lari kencang,<br>tanpa menoleh pada prajurit,<br>prajuritnya terlunta sepanjang jalan,<br>kepulangannya ke pajang.<br>Demikian Pangeran Benawa, |
| 40. | Tědhak saking (h. 319)[10] kursi nulya<br>ingkang putra cinandhak denarasi<br>mendah wus atuwa besuk<br>Raden nulya biněkta<br>lěnggah kursi mapan sarwi<br>dipunpangku<br>marang Pangeran Běnawa<br>riwusnya tědhak tumuli | turun dari kursi lalu<br>Sang Putra dipeluk dicium,<br>betapa kalau besar nanti.<br>Raden lalu dibawa<br>duduk di kursi dan dipangku<br>oleh Pangeran Benawa.<br>Setelah itu lalu turun. |
| 41. | Wus sowan ngandhap Den Rangga<br>Kangjěng Pangran Běnawa aturneki<br>sampun kakang kula mantuk<br>nanging sapungkur kula<br>bokměnawa Jěng Sultan dhahar turipun<br>inggih pun Dipati Tuban<br>marma denangati-ati | Sudah di bawah Raden Rangga,<br>Kanjeng Pangeran Benawa katanya,<br>“Sudah, kakanda. Saya pulang,<br>tetapi sepeninggalku,<br>kalau Kanjeng Sultan mau mendengar kata-kata saya,<br>tentang Adipati Tuban<br>maka hati-hatilah.” |
| 42. | Mapan sampun jawat asta<br>atanapi lan Ki Mandaraki[11] | Sudah berjabatan tangan,<br>juga dengan Kii Mandaraka. |

[10] Pada naskah tertulis 219.
[11] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Jĕng Pangran pan sampun mundur<br>sing ngarsane Senapatya[12]<br>gĕgancangan Kangjĕng Pangran<br>lampahipun<br>kalawan sawadyanira<br>nusul mring Dipati Tubin | Kanjeng Pangeran sudah mundur<br>dari hadapan Senapati,<br>bergegas jalannya Kanjeng Pangeran,<br>beserta prajuritnya,<br>menyusul Adipati Tuban. |
| 43. | Datan winarna ing marga<br>sampun prapta ing Pajang lampahneki<br>nging untap-untapan iku<br>lawan Dipati (h. 320) Tuban<br>kawarnaa Jĕng Sultan Pajang pan nuju<br>lagya miyos siniwaka<br>mĕpak sagung ingkang nangkil | Tidak diceritakan di jalan,<br>sudah tiba di Pajang perjalanannya,<br>hampir bersamaan itu<br>dengan Adipati Tuban.<br>Diceritakan Kanjeng Sultan Pajang<br>sedang keluar di penghadapan,<br>lengkap semua yang menghadap. |
| 44. | Mĕngkana Pangran Bĕnawa<br>lajĕng sowan lawan Dipati Tubin<br>prapta ngarsanya Sang Prabu<br>Nata aris atanya<br>paran warta Bĕnawa sira sunutus<br>umatur Pangran Bĕnawa<br>Pukulun amba tinuding | Demikianlah Pangeran Benawa,<br>lalu menghadap bersama Adipati Tuban,<br>tiba di hadapan Sang Prabu,<br>Raja halus berkata,<br>“Bagaimana kabarnya Benawa (ketika) engkau kuutus?”<br>Pangeran Benawa berkata,<br>“Paduka hamba diutus |
| 45. | Lumampah dhatĕng Mĕntaram<br>sampun prapta panggih lan Senapati<br>pun kakang nĕnggih turipun<br>tinimbalan sandika<br>nanging wontĕn pun kakang<br>sĕmadosipun<br>nging kirang kĕdhik punika<br>mapan tanggĕl aturneki | berangkat ke Mataram,<br>sudah sampai bertemu dengan Senapati,<br>kakanda mengatakan<br>bersedia dipanggil,<br>tetapi kakanda memohon ditunda,<br>hanya kurang sedikit<br>tanggung itu.” |
| 46. | Sang Nata malih atanya<br>apa nora owah sapatrapneki<br>Pangran Bĕnawa umatur | Sang Nata bertanya lagi,<br>“Apakah tidak berubah sikapnya?”<br>Pangeran Benawa berkata, |

[12] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | botěn Nata ngandika<br>eh sun duga sireku geseh satuhu<br>iya lawan Dipati Tuban[13]<br>pratandha lakunireki | “Tidak” Raja berkata,<br>“Heh, aku duga sungguh berubah,<br>ya dengan Adipati Tuban,<br>tanda yang kau lakukan.” |
| 47. | Paran ta Dipati Tuban<br>(h. 321) matur němbah sira Dipati Tubin<br>Pukulun mila saestu<br>balik pun Senapatya<br>mapan dora saatur-aturipun[14]<br>putranta Pangran Běnawa<br>mapan kědah angalingi | “Bagaimana, Adipati Tuban?.”<br>berkata dan menyembah dia Adipati Tuban,<br>“Paduka memang benar,<br>berubah Senapati,<br>bohong semua yang dikatakan<br>putranda Pangeran Benawa,<br>(ia) ingin menutupi.” |
| 48. | Umatur Pangran Běnawa<br>amiwiti malah těka měkasi<br>Sang Nata pan esmu běndu<br>dhatěng Dipati Tuban<br>dene karya lingsěm ing těmahanipun<br>nulya luwar Sri Nalendra<br>wus bubar sagung kang nangkil | Pangeran Benawa menjawab,<br>“Memulai malah menyelesaikan.”<br>Sang Raja agak marah<br>kepada Adipati Tuban,<br>karena membuat malu jadinya.<br>Lalu selesai Sri Narendra,<br>sudah bubar semua yang menghadap. |
| 49. | Kawarnaa ing Měntaram<br>Raden Rangga aměng-aměnganeki<br>sela ancik-ancik wulu<br>kang eyang Mandaraka<br>cinoblosan ing dariji kang pěnuduh<br>samya bolong lěbur ika<br>Ki Mandaraka winarni | Diceritakan di Mataram,<br>permainan Raden Rangga (yaitu)<br>batu penyangga (tempat) berwudu<br>Mandaraka kakeknya<br>dicoblos dengan jari telunjuk<br>hingga berlubang, dan remuk.<br>Diceritakan Ki Mandaraka |
| 50. | Mapan arsa salat ika<br>luhur lěbur kang sela ancik-ancik<br>binolong driji panuduh<br>lawan lěnggah (h. 322) Den Rangga<br>Kyai Mandaraka aris wuwus | hendak salat<br>dzuhur (melihat) batu penyangga telah remuk<br>dibolongi jari telunjuk.<br>Oleh Raden Rangga dengan duduk.<br>Kyai Mandaraka berkata lembut, |

[13] Lebih satu suku kata
[14] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | nora kaya sira Rangga<br>tan mari bĕsurireki | “Tidak baik, Rangga.<br>Kebandelanmu tidak mereda. |
| 51. | Mapan atos watu iya<br>sira bolong lawan darijineki<br>karya cotho salat iku<br>pan ĕmpuk darijinya<br>pasthineki mapan atos watu iku<br>nulya wĕtah ponang sela<br>sampun mantuk atos malih | Batu yang keras itu,<br>engkau lobangi dengan jari,<br>itu membuat repot jika salat.<br>Empuk jarinya,<br>pasti keras batunya.”<br>Lalu batu itu utuh<br>(dan) kembali keras lagi. |
| 52. | Datan pasah dĕrijinya<br>Raden Rangga malah kĕraos sakit<br>Den Rangga dadya malĕruk<br>mring kang yang Mandaraka<br>pan gumujĕng Ki Mandaraka ling arum<br>mara maning tutugĕna<br>Raden Rangga kesah nuli | Tidak mempan jarinya.<br>Raden Rangga malah merasa sakit,<br>jadi cemberut Raden Rangga<br>pada kakeknda Mandaraka.<br>Tertawa Ki Mandaraka halus katanya,<br>“Ayo teruskan lagi.”<br>Raden Rangga lalu pergi, |
| 53. | Kondur dhatĕng kĕdhatonnya<br>amĕng-amĕng neng sangandhaping wringin<br>tumpang sarya cantheng watu<br>sagĕnuk-gĕnuk gĕngnya<br>ingkang rama Sang Senapati wus rawuh<br>murugi dhatĕng kang putra<br>lĕng- (h. 323) gah sela gilang iki | kembali ke istana.<br>(Ia) bermain-main di bawah pohon beringin<br>(bersila) *tumpang* sambil bermain batu *cantheng,*<br>se *genuk-genuk*[15] besarnya.<br>Ayahanda Sang Senapati sudah datang,<br>mendekati sang putra,<br>duduk di batu *gilang,* |
| 54. | Ingkang putra tinimbalan<br>sampun prapta Senapati ngandikaris<br>rosa tĕmĕn sira kulup<br>yen sira nyata rosa<br>mara iki putungĕn dĕrijiningsun<br>Rahaden Rangga tumulya<br>nyandhak asta Senapati | putranda dipanggil.<br>Setelah datang Senapati halus berkata,<br>“Kuat sekali engkau, Nak.<br>Kalau engkau benar-benar kuat,<br>coba putuskan jariku.”<br>Raden Rangga lalu<br>memegang tangan Senapati. |

[15] *Genuk*: sejenis tempayan kecil

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | |
| 55. | Drĕriji panuduhira<br>ngraos gĕrah sira Sang Senapati<br>cinuthatkĕn putranipun<br>dhawah sajawen bata<br>nyolong nulya Raden Rangga mapan laju<br>tirakat ing karsanira<br>kang ngiring ing ĕmban siji | Jari telunjuknya<br>Sang Senapati terasa sakit.<br>Sang putra dilemparkan,<br>(lalu) jatuh di luar tembok.<br>Raden Rangga lalu melarikan diri,<br>hendak melakukan tirakat.<br>(Ia) yang mendampingi (adalah) seorang pengasuh. |
| 56. | Mapan dhumatĕng pancingan<br>Kyai Ĕmban datan eca tyasneki<br>sampun prapta ing Talsewu<br>kawarna wontĕn sarpa<br>naga agĕng mapan langkung galakipun<br>Ki Ĕmban sangĕt aturnya<br>gendholi lawan anangis | (Mereka) menuju ke *pancingan.*<br>Ki Emban tidak enak hati,<br>sudah sampai di Talsewu.<br>Diceritakan ada ular<br>naga besar sangat galak.<br>Ki Emban memperingatkan dengan keras,<br>memegangi sambil menangis, |
| 57. | Ngaturi wangsul Rahadyan<br>nanging mĕksa sang sarpa denayoni<br>Ki Ĕmban binu- (h. 324) cal sampun<br>kontal tĕbih tibanya<br>Raden Rangga anulya nĕrajang purun<br>sang sĕrpa sampun uninga<br>ngadĕg ngakak sisik malik | mengajak pulang Raden (Rangga),<br>namun sang naga tetap dihadapi.<br>Ki Emban dicampakkan,<br>terpental jauh jatuhnya.<br>Raden Rangga lalu menerjang,<br>sang naga sudah tahu,<br>berdiri tegak sisiknya tegak. |
| 58. | Mapan samya purunira<br>nulya campuh saking ramening jurit<br>tan ana kuciwanipun<br>mĕngkana Raden Rangga<br>wus pinulĕt tan katingal mapan sampun<br>Ki Ĕmban sangĕt karuna<br>saking tĕbih jĕlih-jĕlih | (Mereka) sama-sama ingin (menyerang),<br>lalu bertarung sangat ramai,<br>tak ada yang kalah.<br>Demikianlah Raden Rangga<br>sudah dililit sampai tak terlihat.<br>Ki Emban menangis keras,<br>berteriak-teriak dari kejauhan. |
| 59. | Dhuh Gusti tuwan malĕsa<br>tan pantara Raden Rangga nulyaglis | “Duh, gusti Tuan. Balaslah!”<br>Tak beberapa lama Raden Rangga segera, |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | kang sěrpa winalěs sampun<br>denbithi sirahira<br>pěcah lajěng pějah kang naga sampun<br>Ki Ěmban nulya lumajar<br>gustinira densungkěmi | naga diserang,<br>ditelikung kepalanya.<br>Si naga pecah (kepalanya) lalu mati.<br>Ki Emban segera berlari.<br>Tuannya lalu disujudi, |
| 60. | Ngaturan kondur tumulya<br>Kyai Ěmban lawan sangět anangis<br>Raden Rangga sampun nurut<br>kondur dhatěng Měntaram<br>sampun panggih Den Rangga lawan kang ibu<br>Jěng Ratu ngrangkul nulya[16]<br>ing- (h. 325) kang putra denarasi | lalu mengajak pulang.<br>Kyai Emban dengan menangis keras (mengajak pulang).<br>Raden Rangga sudah menurut<br>(untuk) kembali ke Mataram.<br>Raden Rangga sudah bertemu dengan Ibunda.<br>Kanjeng Ratu lalu memeluknya,<br>sang putra diciumi. |
| 61. | Ngandika sarwi karuna<br>adhuh Gusti wus saja lunga maning<br>Den Rangga mesěm něbdarum<br>ya wus sun ibu nora<br>pan wus lama měngkana kang cinatur<br>Raden Rangga nandhang gěrah<br>mapan wus karsaning Widi | (Ibunya) berkata sambil menangis,<br>“Aduh, Gusti. (Engkau) jangan pergi lagi.”<br>Raden Rangga tersenyu manis katanya,<br>“Ya sudah. Aku tidak (akan pergi lagi), Ibu.”<br>Beberapa lama kemudian ceritanya,<br>Raden Rangga menderita sakit.<br>Sudah kehendak Widi, |
| 62. | Langkung sangět gěrahira<br>ingkang rama lan kang ibu něnggani<br>sagung usada puniku<br>wus tan amulyakěna<br>ingkang ibu kalih mapan samya muhun<br>měngkana Sang Senapatya<br>lawan ki Mandarakeki | sakitnya sangat parah.<br>Ayahanda dan ibunda(nya) menunggu.<br>Segala pengobatan<br>tak bisa menyembuhkan.<br>Kedua ibunda selalu menangis.<br>Demikianlah Sang Senapati<br>dan Ki Mandaraka |
| 63. | Sakělangkung susahira<br>tan pantara gara-gara dhatěngi<br>měngkana Jěng Ratu Kidul<br>wus uning yen kang raka | sangat sedih.<br>Tak beberapa lama datang peristiwa.<br>Demikianlah Kanjeng Ratu Kidul<br>sudah mengetahui kalau kakanda |

[16] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Senapati langkung sěkěl ing tyasipun<br>Kangjěng Ratu tulya prapta<br>mesěm lon umatur aris | Senapati sangat sedih hatinya.<br>Kanjeng ratu lalu hadir<br>(dengan) tersenyum. Katanya perlahan (dan) halus, |
| 64. | Sampun Paduka sungkawa<br>ing sayěkti putra Paduka ugi<br>sampun karsaning Yyang Agung<br>sěmantěn ingkang yuswa<br>yen nga- (h. 326) ntosa panjang punika satuhu<br>pantěs lan wijining Jawa<br>datan nurunakěn malih | "Paduka, jangan sedih.<br>Sesungguhnya putra Paduka,<br>sudah dikehendaki Ywang Agung,<br>(hanya) sepanjang itu usianya.<br>Jikalau sampai panjang usianya, sungguh pantas, (tetapu) bibit Jawa.<br>tidak menurunkan lagi. |
| 65. | Punika pan datan panjang<br>turunipun mindhak ngewěd-ewědi<br>Sang Senapati pan sampun<br>narima aturira<br>Ratu Kidul Raden Rangga gěrahipun<br>mapan sampun lajěng seda<br>susah sagung wong Měntawis | Sebab umurnya tidak panjang,<br>(karena) keturunannya kelak merepotkan."<br>Sang Senapati sudah<br>memahami nasihat<br>Ratu Kidul (tentang) sakitnya Raden Rangga.<br>(Raden Rangga) telah wafat.<br>Semua warga Mataram berduka. |
| 66. | Ěněngna ingkang samya[17]<br>nandhang susah sagung wadya Měntawis<br>yata gěntya kang cinatur<br>ing Pajang kang winarna<br>Ki Tuměnggung Mayang pan darbe sunu<br>jalu bagus ingkang warna<br>Raden Pabelan nameki | Hentikan semua (tentang)<br>warga Mataram yang sedang sedih.<br>Ganti (yang) diceritakan.<br>Konon di Pajang,<br>Ki Tumenggung Mayang mempunyai putra,<br>laki-laki cakap wajahnya,<br>Raden Pabelan namanya. |
| 67. | Tuměnggung Mayang punika<br>ingkang ipe lawan Jěng Senapati<br>patutan satunggal iku | Tumenggung Mayang itu,<br>ipar dari Kanjeng Senapati.<br>(Ia) berputera seorang |

[17] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | nama Raden Pabelan<br>dadya kondhang ing Pajang tan ana iku<br>ingkang mindha warnanira<br>bagus dhasar jungkarangin | bernama Raden Pabelan,<br>(Ia) jadi tersohor di Pajang. Tiada<br>yang menandingi wajahnya,<br>cakap tinggi besar. |
| 68. | Měngkana kang cinarita<br>anglanangi aneng Pa- (h. 327) jang nĕgari<br>Sang Nata ingkang winuwus<br>darbe putra wanodya<br>kang waruju warnanira luwih ayu<br>pinaraban ming kang rama<br>Dyah Ayu Rĕtna Kumuning | Demikianlah diceritakan,<br>pemuda mashur di negeri Pajang.<br>Sang Raja dikisahkan<br>mempunyai seorang putri<br>bungsu (yang) cantik rupanya.<br>(Ia) diberi nama oleh ayahandanya<br>Dyah Ayu Retna Kumuning. |
| 69. | Mapan ta dereng akrama<br>cinarita sampun diwasa iki<br>sĕmana sampun katĕmu<br>lawan Raden Pabelan<br>sabĕn dalu tan konangan lĕbĕtipun<br>mĕngkana ing lama-lama<br>konangan cinĕpĕng nuli | (Ia) belum menikah.<br>Diceritakan kini sudah dewasa.<br>Demikianlah (ia) sudah bertemu<br>dengan Raden Pabelan.<br>Setiap malam tidak diketahui masuknya.<br>Demikianlah lama kelamaan<br>ketahuan lalu ditangkap, |
| 70. | Neng kaputren pinĕjahan<br>ingkang rama Tumĕnggung Mayang nuli<br>karsanira Sang Aprabu<br>lawan kang ibu ika<br>wus cinĕpĕng binucal mring Jĕpareku<br>mapan sewu wong ing Pajang<br>prajurit ingkang angiring | (dan) dibunuh di *keputren*.<br>Kemudian ayahandanya – Tumenggung Mayang,<br>atas kehendak Sang Raja<br>dan ibunya itu<br>sudah ditangkap (dan) dibuang ke Jepara.<br>Ada seribu orang Pajang<br>(golongan) prajurit yang mengawal. |
| 71. | Mĕngkana Raden Ayu Mayang[18]<br>kintun surat wau dhatĕng Mĕntawis<br>mring Senapati wus katur<br>lajĕng sinukmeng nala | Demikianlah Raden Ayu Mayang,<br>mengirim surat ke Mataram.<br>Sudah disampaikan kepada Senapati,<br>lalu dipahami dalam hati. |

[18] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan nuju sineba wadya Měntarum<br>Ki Mandaraka neng ngersa<br>sarěng sampun maos tulis | Ketika sedang di penghadapan orang Mataram,<br>Ki Mandaraka di hadapan(nya).<br>Setelah membaca surat, |
| 72. | Bramatya Sang Senapatya<br>jaja abang (h. 328) anglir mědal gěni[19]<br>kang surat pan lajěng sinung<br>mring Kyai Mandaraka<br>wus kaduga siraosing[20] suratipun<br>angling Kyai Mandaraka<br>wus jěbeng karsanireki | Sang Senapati marah.<br>Dada(nya) memerah bagai keluar api.<br>Surat lalu diberikan<br>kepada Kyai Mandaraka,<br>sudah bisa diduga isi suratnya.<br>Kata Kyai Mandaraka,<br>"Sudah, Nak. Sekehendakmu. |
| 73. | Iki nyata ramanira<br>kang miwiti nulya Sang Senapati<br>ngandika dhumatěng sagung<br>kang mantri pamajěgan<br>sanakingsun sapisan jaluk karyamu<br>rěbutěn Tuměnggung Mayang<br>kalawan nak rabineki | (Semua) ini nyata ayahandamu<br>yang memulai." Sang Senapati lalu<br>mengatakan kepada semua<br>mantri pajak,<br>"Saudaraku semua mohon karyamu,<br>rebutlah Tumenggung Mayang,<br>dengan anak istrinya |
| 74. | Binuwang marang Jěpara<br>lah cěgatěn mětuwa Kědhu iki<br>sandika samya turipun<br>kang mantri pamajěgan<br>kawandasa wus lengser saking ngarsanipun[21]<br>mapan samya kakapalan<br>sadaya tan nědya urip | (yang) dibuang ke Jepara.<br>Nah, cegatlah. Lewatlah (melalui) Kedu."<br>Semua berkata menyanggupi<br>para mantri pajak itu.<br>Empatpuluh sudah berangkat dari hadapan (Sang Senapati).<br>Semua berkuda,<br>semua berani mati. |
| 75. | Nging sihe Sang Senapatya<br>kang katingal sědaya amběg pati<br>sasanděran lampahipun<br>prapta ing Salatiga | Hanya cinta kepada Sang Senapati<br>yang terbayang semua berani mati.<br>Cepat-cepat jalannya,<br>(lalu) sampai di Salatiga. |

[19] Kurang satu suku kata
[20] Sesuai konteks dibaca: *suraosing*
[21] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | samya aso makani turangganipun<br>sampun aso nulya mangkat<br>kapĕthuk ing Bayalali | (Mereka) beristirahat memberi makan kuda.<br>Setelah beristirahat lalu berangkat,<br>(dan) dihadang di Bayalali. |
| 76. | (h. 329) Nulya mantri kawandasa<br>rĕmbag ngamuk sarĕng samya bĕk pati<br>golong rĕmpĕg tandangipun<br>kagyat prajurit Pajang<br>lajĕng kuwur sĕdaya pĕnyananipun<br>tinĕrka Rahaden Rangga<br>ingkang nyĕgat wontĕn margi | Lalu mantri empatpuluh,<br>semua sepakat mengamuk berani mati,<br>bersatu serempak  serangannya.<br>Prajurit Pajang terkejut,<br>lalu ketakutan semua (karena) menyangka.<br>Raden Rangga disangka<br>yang mencegat di jalan. |
| 77. | Lajĕng geger lĕng-ulĕngan<br>pan sĕdaya sampun miarsa warti<br>yen Raden Rangga puniku<br>langkung tĕguh lan rosa<br>nulya ana gumlĕgĕr swaraning gunung<br>sangsaya lajĕng wurohan<br>tunjang-tinunjang pan sami | (Mereka) lalu ramai bertarung.<br>Semua sudah mendengar kabar<br>kalau Raden Rangga itu<br>sangat kuat perkasa.<br>Kemudian ada gelegar suara gunung,<br>semakin kacau berlarian<br>saling bertabrakan. |
| 78. | Kathah kang sami kedĕkan<br>bubar larut siji tan ana kari<br>Tumĕnggung Mayang pan sampun<br>karĕbut lan kang garwa<br>wong ing Pajang pĕlayune mungkur wĕdhus<br>sangu lawan kang gĕgaman<br>kuda samya dentilari | Banyak yang terinjak-injak,<br>bubar habis tiada yang tertinggal.<br>Tumenggung Mayang sudah<br>terrebut beserta istrinya,<br>orang Pajang lari balik seperti kambing,<br>membawa serta senjata,<br>kuda ditinggalkan. |
| 79. | Lumayu pating salĕbar<br>rĕbut urip saparan-paraneki<br>anĕngna ingkang lumayu<br>kawarnaa wong Mĕ- (h. 330) ntaram<br>pan kĕlangkung tyasira marwata sunu<br>kalawan Tumĕnggung Mayang<br>lan sagarwa putraneki | Berlarian tak tentu arah,<br>mencari hidup ke mana-mana.<br>Hentikan yang melarikan diri.<br>Diceritakan orang Mataram,<br>hatinya sangat bangga,<br>dengan Tumenggung Mayang,<br>serta istri dan putrinya. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | | |
| 80. | Wus dhinerekakĕn nulya<br>mring Mĕntaram datan winarna margi<br>Mĕntaram pan sampun rawuh<br>cundhuk lan Sang Senapatya<br>Ki Tumĕnggung mapan lajĕng<br>ngrangkul suku<br>kalangkung panangisira<br>lir wong mati urip maning | Lalu sudah diantarkan<br>ke Mataram. Tak diceritakan di jalan.<br>Sudah tiba di Mataram,<br>bertemu dengan Sang Senapati.<br>Ki Tumenggung lalu memeluk kaki,<br>seru tangisnya,<br>seperti orang mati (yang) hidup lagi. |
| 81. | Tanapi garwa putranya<br>pan sĕdaya mĕngkana tyasireki<br>pan lajĕng ngabĕkti sampun<br>mring Kyai Mandaraka<br>ĕnĕngna Mĕntaram gĕntya winuwus<br>wadya Pajang kang lumaywa<br>pan sampun anglĕmpak malih | Demikian juga istri dan putrinya,<br>perasaannya semua seperti itu.<br>Semua menyembah<br>kepada Kyai Mandaraka.<br>Hentikan Mataram. Ganti diceritakan,<br>prajurit Mataram yang berlarian,<br>sudah berkumpul lagi. |
| 82. | Lajĕng samya pirĕmbagan<br>yun atur uninga mring Pajang nagri<br>lamun tiwasing ingutus<br>wus rĕmbag nulya mangkat<br>tan winarna marga Pajang prapta<br>sampun<br>pan lajĕng atur uninga<br>mring Raden Mancanĕgari | Kemudian semua berunding<br>akan memberitahu ke negeri Pajang,<br>kalau tugasnya gagal.<br>(Mereka) sudah sepakat lalu berangkat.<br>Tak diceritakan di jalan. Sampai di Pajang,<br>(mereka) lalu memberitahu<br>kepada Raden Mancanegara. |
| 83. | Wus katur sasolahira<br>langkung ngungun Raden Mancanĕgari<br>lajĕng sohan mring (h. 331) Sang Prabu<br>prapta ngarsa Nalendra<br>tur uninga yen tiwas abdi Pukulun<br>bucal pun Tumĕnggung Mayang<br>arĕbat neng Bayalali | Sudah disampaikan semuanya.<br>Raden Mancanegara sangat keheranan,<br>lalu menghadap Sang Raja.<br>Sampai di hadapan Raja<br>memberitahu bahwa abdi Paduka gagal<br>membuang Tumenggung Mayang<br>karena direbut di Bayalali. |
| 84. | Langkung kagyat Sri Nalendra | Sang Raja sangat terkejut. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sru ngandika eh iya Mancanĕgari[22]<br>wong pira ingkang angĕrbut<br>matur Mancanĕgara<br>aturipun aming tiyang pitung[23] puluh<br>ingkang dados pangiridnya<br>putranipun Senapati | Katanya berseru “Heh, Mancanegara.<br>Berapa orang yang merebut?”<br>Mancanegara menjawab,<br>“Katanya hanya empat puluh (orang).<br>(Seorang yang menjadi) pemimpinnya<br>(adalah) putra Senapati |
| 85. | Kang wĕsta Rahaden Rangga<br>mĕksih alit langkung digdayaneki<br>wadyanta risak kĕlangkung<br>mapan kathah kang pĕjah<br>sarĕng mirsa Sang Nata kĕlangkung bĕndu<br>nulya asru angandika<br>eh iya Mancanĕgari | yang bernama Raden Rangga.<br>(Ia) masih kecil (namun) sangat sakti.<br>Prajurit paduka sangat kacau,<br>banyak yang tewas.”<br>Ketika mendengar, Sang Raja sangat marah.<br>Lalu berkata dengan keras,<br>“Heh ya, Mancanegara. |
| 86. | Wus tita mapan tan kĕna<br>yen deneman Senapati Mĕntawis<br>sapa kang prayoga iku<br>nglurug marang Mĕntaram<br>Adipati Mancanĕgara umatur<br>didalĕm kanca (h. 332) sĕdaya<br>sagung ingkang pra dipati | sudah jelas kalau tak bisa<br>disayang Senapati Mataram.<br>Siapa yang pantas<br>menyerang ke Mataram.”<br>Adipati Mancanegara berkata,<br>“Semua abdi Paduka<br>segenap para adipati |
| 87. | Inggih kados botĕn nyangga<br>yen tinandhing lawan pun Senapati<br>nadyan kalih putranipun<br>kewala botĕn nyangga<br>dugi kula mindhak[24] sulung lĕbu awu<br>Sri Nalendra angandika<br>paran ta prayoganeki | semua sepertinya tidak meragukan.<br>Kalau ditandingkan dengan Senapati,<br>walaupun dua putranya,<br>semua tidak ragu,<br>dugaan saya bagai laron masuk abu.”<br>Sang Raja berkata,<br>“Bagaimana saranmu?” |
| 88. | Sang Dipatya aturira | Sang Adipati ucapnya, |

[22] Lebih satu suku kata
[23] Sesuai konteks ditulis: *patang*
[24] Sesuai konteks dibaca: *mindha*

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | pan kawula tan dĕrbe atur malih<br>sumangga karsa Pukulun<br>mapan dherek kewala<br>pĕjah gĕsang nglampahi karsa Prabu[25]<br>Sri Nalendra angandika<br>eh iya Mancanĕgari | “Hamba tak punya kata lain,<br>semua terserah kehendak Paduka,<br>(hamba) hanya menurut saja.<br>Hidup mati menjalani kehendak Raja.”<br>Sang Raja berkata,<br>“Ya ya, Mancanegara. |
| 89. | Ingkang dadi karsaningwang<br>ingsun dhewe mĕngko ingkang nindaki<br>kĕriga wong Pajang iku<br>aja na kang kari padha<br>Sang Dipati Manca sandika turipun<br>wus lengser saking ing ngarsa<br>anĕmbang tĕngara jurit | Menurut pendapatku,<br>aku sendiri nanti yang melaksanakan.<br>Kerahkan orang Pajang,<br>jangan ada yang ketinggalan.”<br>Sang Adipati Manca menyatakan kesediaannya.<br>Sudah mundur dari penghadapan (Raja)<br>mengundang para prajurit. |
| 90. | Kĕndhang gong maguru gangsa<br>ingkang tĕtĕg kaya butula iki<br>wong Pajang ka- (h. 333) gyat sĕdarum<br>dadya wus sami mirsa<br>yen Sang Nata badhe tĕdhak mring Mĕntarum<br>anglurugi Senapatya<br>nulya pradandanan sami | Kendang gong dan gamelan,<br>tetabuhan bagai memecahkan (telinga).<br>Semua orang Pajang terkejut,<br>semua sudah tahu,<br>bahwa Sang Raja akan ke Mataram,<br>menyerang Senapati.<br>Lalu bersiap-siaplah semua. |
| 91. | Sagung kang pra dipatya[26]<br>sawadyanya sampun samĕkteng jurit<br>tĕnapi kang pra tumĕnggung<br>mantri dĕmang lan rangga<br>pan dĕlĕgan Kandhuruwan Arya iku<br>ngabei kalawan bapa<br>tĕnapi sagung prajurit | Segenap para adipati<br>dengan prajuritnya sudah bersiap perang.<br>Demikian pula para *tumenggung,*<br>*mantri demang* dan *rangga.*<br>Unggulannya Arya Kandhuruan itu,<br>Ngabei dan ayahnya,<br>dan juga semua prajuritnya, |
| 92. | Bĕlabar tanpa wilangan<br>nulya miyos Kangjĕng Sri Narapati | berjajar banyak tak terhitung.<br>Kanjeng Sang Raja keluar, |

[25] Kurang satu suku kata
[26] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | lěnggah aneng Siti Luhur<br>ingkang munggeng ing ngarsa<br>Adipati Mancaněgara puniku<br>kalawan Pangran Běnawa<br>tanapi Dipati Tubin | duduk di Siti Luhur.<br>(Seorang) yang berada di hadapannya<br>(adalah) Adipati Mancanegara<br>Pangeran Benawa,<br>dan juga Adipati Tuban, |
| 93. | Jajar lan Dipati Děmak<br>ing Palembang Bětawi Mandureki<br>Cěrbon Sumědhang iku<br>Kěrawang Surabaya<br>Bělambangan Kědhiri Jiparanipun<br>Bantěn lawan Panaraga<br>sědaya wu- (h. 334) s munggeng ngarsi | berjajar dengan Adipati Demak,<br>Palembang, Betawi, Madura,<br>Cirebon, Sumedang,<br>Kerawang, Surabaya,<br>Blambangan, Kediri, Jepara,<br>Banten, Panaraga,<br>semua sudah menghadap raja. |
| 94. | Sri Nalendra angandika<br>eh ta poma iya Mancaněgari<br>lan sagung pra dipatya yeku[27]<br>kabeh ta parentaha<br>yen wis padha těka ing Prambanan iku<br>aja na kang nyabrang ika<br>mring sakulon Ompak iki | Sang Raja berkata,<br>“Hai, Mancanegara<br>dan semua adipati,<br>semua perintahkanlah<br>kalau sudah tiba di Prambanan<br>jangan ada yang menyeberang<br>ke barat (sungai) Opak. |
| 95. | Lah padha sira antiya<br>ing wětune iya si Senapati<br>sokur lamun gělěm těluk<br>sědaya tur sandika<br>wus ta mara sapa kang dadi pěngayun<br>wus mara padha mangkata<br>nulya kang těngara muni | Semua tunggulah,<br>saat keluarnya si Senapati,<br>Syukur kalau ia mau takluk.”<br>Semua menyatakan kesediaan,<br>“Sudahlah siapa yang jadi pemuka?<br>segera berangkatlah”<br>Lalu tanda dibunyikan, |
| 96. | Kělangkung saking wurohan<br>tampingan wadya ing Pajang iki[28]<br>wus budhal ingkang pěngayun<br>měngkana Kangjěng Sultan | sangat keras bergemuruh,<br>prajurit Pajang yang berjajar.<br>Pemukanya sudah berangkat.<br>Demikianlah Kanjeng Sultan, |

[27] Lebih satu suku kata
[28] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sampun nitih dirada langkung gĕng luhur<br>Pangran Dipati Bĕnawa<br>tĕnapi Mancanĕgari | sudah menunggang gajah yang sangat tinggi besar.<br>Pangeran Adipati Benawa<br>dan juga Mancanegara |
| 97. | Tan tĕbih lawan Jĕng Sultan<br>sampun budhal saking Pajang nĕgari<br>lampahnya mapan kĕlang- (h. 335)-kung<br>rĕndhĕt samarga-marga<br>saking dene jĕjĕle wadyeku[29]<br>ĕnĕngna kang lumampah[30]<br>kawarnaa ing Mĕntawis | tak jauh dari Kanjeng Sultan.<br>(Mereka) sudah berangkat dari negeri Pajang.<br>Langkahnya sangat<br>lambat di sepanjang jalan,<br>karena penuhnya prajurit.<br>Hentikan yang berjalan.<br>Diceritakan di Mataram, |
| 98. | Sang Senapati Ngalaga<br>mapan lagya cinoba wong Mĕntawis<br>ingkang aneng ngarsanipun<br>kang paman Mandaraka<br>lawan mantri majĕgan kang patangpuluh<br>samya sowan munggeng ngarsa<br>tĕnapi Ki Adipati | Sang Senapati Ngalaga,<br>dan orang Mataram sedang dicoba.<br>(Sosok) yang ada di hadapan<br>adalah pamanda Mandaraka<br>dan mantri pajak empat puluh,<br>semua datang menghadap<br>dan juga Ki Adipati. |
| 99. | Ki Mandaraka ngandika<br>paran karsa eh jĕbeng Senapati<br>Sultan Pajang ayun rawuh<br>anglurugi mring sira<br>kĕrig kabeh wong Pajang tan ana kantun<br>iya apa karsanira<br>Sang Senapati nĕbdaris | Ki Mandaraka berkata,<br>"Apa pendapatmu nanda Senapati?<br>Sultan Pajang akan datang,<br>menyerangmu,<br>mengerahkan semua orang Pajang tak ada yang ketinggalan.<br>Bagaimana kehendakmu?"<br>Sang Senapati halus bekata, |
| 100. | Gih Paman sakangsal-angsal<br>pan kawula arsa mĕthuk ngajurit<br>aneng Prambanan puniku | "Ya, paman. Sebisa-bisa<br>saya akan menghadapi pertempuran,<br>di Prambanan." |

[29] Kurang dua suku kata
[30] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | angling Ki Mandaraka<br>yen mĕngkono jĕbeng karsanireku[31]<br>angur payo nuli mangkat<br>rĕbut papaning ngajurit | Ki Mandaraka berkata,<br>“Kalau demikian kehendakmu, Nak.<br>Lebih baik ayo lalu berangkat,<br>merebut tempat pertempuran.” |
| 101. | Nulya samya pradandana- (h. 336) n<br>wong Mĕntaram lan mantri kawan desi<br>Tumĕnggung Mayang tan kantun<br>kinĕrig wong Mĕntaram<br>saanane sumĕkta gagamanipun<br>Sang Senapati Ngalaga<br>lawan Ki Mandarakeki | Lalu semua bersiap-siap,<br>orang Mataram dan mantri empat puluh,<br>Tumenggung Mayang tak ketinggalan.<br>Dikerahkan orang Mataram,<br>seadanya siaga senjatanya,<br>Sang Senapati Ngalaga<br>dan Ki Mandaraka |
| 102. | Sawusira abusana<br>nulya budhal Sang Senapati Mĕntawis<br>langkung asri yen dinulu<br>kang dadya cucuk yuda<br>pamajĕgan apan mantri patang puluh<br>ingkang dadya pangiridnya<br>Ki Tumĕnggung Mayang iki | sesudah berbusana<br>lalu berangkat Sang Senapati Mataram.<br>Sangat asri kalau dilihat.<br>(Seseorang) yang menjadi pemuka<br>mantri pajak empat puluh,<br>yang menjadi pengiring<br>Ki Tumenggung Mayang. |
| 103. | Datan winarna ing marga<br>lampahira wus prapta Randhugunting<br>tata mĕsanggrahan sampun<br>Senapati Ngalaga<br>kawarnaa Sultan Pajang sampun rawuh<br>mapan aneng ing Borongan<br>tata mĕsanggrahan sami | Tak diceritakan di jalan,<br>perjalanan tiba di Randhugunting.<br>Sudah menata pesanggrahan<br>Senapati Ngalaga.<br>Diceritakan Sultan Pajang sudah tiba,<br>bertempat di Borongan,<br>semua menata pesanggrahan. |
| 104. | Sagung kang pra dipatya<br>cucuking prang neng Pĕrambanan baris<br>bĕleber lir samodragung<br>mapan sampun tinata<br>kang pĕngawak kanan kering<br>dhadhanipu-(h.337) n | Semua adipati<br>pemimpin perang berbaris di Prambanan,<br>melimpah bagai samudra besar.<br>Semua sudah tertata,<br>yang menjadi badan di kanan kiri sebagai<br>dadanya |

[31] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | ngantos dumugi sukunya<br>baris ing ngardi Měrapi | sampai di kakinya,<br>berbaris di gunung Merapi. |
| 105. | Měngkana Jěng Sultan Pajang<br>mapan sampun ingaturan udani<br>yen Senapati Měntarum<br>mangkya wus mapak yuda<br>Randhugunting aněnggih barisanipun<br>měngkana Jěng Sultan Pajang<br>langkung ngungun ing tyasneki | Demikianlah Kanjeng Sultan Pajang,<br>sudah diberitahu.<br>kalau Senapati Mataram<br>sekarang sudah siap perang.<br>Barisannya di Randugunting.<br>Demikianlah Kanjeng Sultan Pajang,<br>sangat keheranan di hati. |
| 106. | Něngna kang ngajěng-ajěngan<br>Sultan Pajang lawan Sang Senapati<br>kawarna Jěng Ratu Kidul<br>mapan sampun uninga<br>yen kang raka Sang Senapati Měntarum<br>mangkya sampun jěng-ajěngan<br>baris aneng Randhugunting | Hentikan yang berhadap-hadapan,<br>Sultan Pajang dan Sang Senapati.<br>Tersebutlah Kanjeng Ratu Kidul<br>sudah mengetahui<br>kalau kakanda Sang Senapati Mataram<br>kini sudah berhadap-hadapan,<br>berbaris di Randugunting. |
| 107. | Soltan Pajang neng Borongan<br>cucuking prang Prěrambanan<br>měngkana Jěng Ratu Kidul<br>nimbali sagung pra nata<br>ratuning jim ing tanah Jawa sědarum<br>mapan sampun samya prapta<br>dene kang dados pangirid | Sultan Pajang di Borongan,<br>pemuka perang di Prambanan.<br>Demikianlah Kanjeng Ratu Kidul,<br>mengundang semua para raja,<br>segenap raja jin di tanah Jawa,<br>semua sudah datang.<br>Adapun yang menjadi pengawal |
| 108. | Sunan Lawu warga pura<br>sagung ratuning jim kang priya sami<br>Jěng Ratu Nawang (h. 338) Rětneku<br>ngirid ratu jim samya<br>kang wanodya sampun prapta<br>ngarsanipun<br>Jěng Ratu Kidul sědaya<br>nulya ngandika aris | Sunan Lawu adalah warga istana<br>semua ratu jin pria.<br>Kanjeng Ratu Nawangretna<br>pengawal ratu jin<br>wanita sudah datang di hadapan<br>Kanjeng Ratu Kidul semua.<br>Lalu berkata halus, |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 109. | Eh jĕbeng Lawu ta sira<br>tĕtulunga sakancanira iki<br>ingkang jim priya sĕdarum<br>marang Sang Senapatya<br>Nawangrĕtna ngadhĕpa bae mringsun<br>iya lan sakancanira<br>mapan sun ayun udani | "Heh, Ananda Lawu. Engkau<br>berilah pertolongan temanmu itu,<br>jin pria semua<br>kepada Sang Senapati.<br>Nawangretna menghadaplah padaku,<br>bersama temanmu semua,<br>aku ingin memberitahu. |
| 110. | Mapan wus karsaning Sukma<br>jĕbeng Lawu ngangkata prang lir jalmi<br>ngijenana kang pra ratu<br>lawan punggawa Pajang<br>sira dhewe jĕbeng ingkang ingsun tuduh<br>tandhinga lan Sultan Pajang<br>nanging poma wĕkasmami | Sudah kehendak Sukma,<br>Nak Lawu, berperanglah seperti manusia<br>perang tandinglah dengan para raja<br>melawan punggawa Pajang.<br>(Adapun) engkau, Nak, yang aku perintah,<br>hadapilah Sultan Pajang.<br>Tapi pesanku, |
| 111. | Aja na mateni jalma<br>nanging padha gigilanĕn ku sami<br>dĕrapon nungkula iku<br>marang Sang Senapatya<br>lawan aja andhingini pĕrang iku<br>poma jĕbeng gugur sira<br>wus padha mangkata nuli | jangan membunuh manusia,<br>tapi takut-takutilah semua<br>supaya takluk<br>pada Sang Senapati.<br>Selain itu jangan mendahului pertempuran,<br>akan gugur engkau, anakku.<br>Sudah, berangkatlah." |
| 112. | Sunan Lawu tur (h. 339) sandika<br>nĕmbah lengser sagung kang pra narpati<br>kawarna Jĕng Ratu Kidul<br>panggih lan Senapatya<br>ris turira ing benjang kalamun pupuh<br>abdi Paduka Mĕntaram<br>ningalana ingkang tĕbih | Sunan lawu menyatakan bersedia,<br>semua para raja (jin) menyembah mundur.<br>Diceritakan Kanjeng Ratu Kidul<br>bertemu dengan Senapati,<br>halus katanya: "Besok kalau bertempur<br>abdi Paduka Mataram<br>akan melihat dari kejauhan, |
| 113. | Mĕnawi kĕsaru ing prang<br>yata mesĕm Kangjĕng Senapti | jika tiba-tiba perang."<br>Tersenyum Kanjeng Senapati. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | Jĕng Ratu nulya sinambut<br>pinangku lan kinuswa<br>Senapatya angandika manis arum<br>dhuh Dewa Gusti Bĕndara<br>mirah intĕn kumaladi | Kanjeng Ratu lalu dipeluk,<br>dipangku dan dicium.<br>Senapati manis harum katanya,<br>“Duh Duh Dewa Gusti Bendara<br>mirah intan permata indah |
| 114. | Pupujan rĕtnaning swarga<br>kang minangka jimat Sang Senapati<br>kados pundi tĕngĕripun<br>yen bala jim tumandang<br>Kangjĕng Ratu mesĕm sarta ngandikarum<br>yen ardi mungĕl punika<br>sagunging wadya Mĕntawis | pujaan putri surga,<br>sebagai jimat Sang Senapati,<br>bagaimana tandanya,<br>kalau prajurit jim bertindak?”<br>Kanjeng Ratu tersenyum dan berkata manis,<br>“Kalau gunung mengeluakan suara,<br>semua prajurit Mataram, |
| 115. | Enggal samya mirea<br>ningalana inggih saking kang tĕbih<br>Sang Senapati nĕbdarum<br>kula kados punapa<br>lamun cĕlak lawan ing ngarsa Jĕng Ratu<br>Kangjĕng Ratu nampel asta<br>(h. 340) lawan mesĕm ngandikaris | segera semua menyisih.<br>Lihatlah dari kejauhan.”<br>Sang Senapati halus berkata,<br>“Aku bagaimana<br>kalau dekat di hadapan Kanjeng Ratu?”<br>Kanjeng Ratu menepis tangan,<br>dengan tersenyum manis berkata, |
| 116. | Nyanyĕngite iku iya<br>kangsi lara tan ana antĕngneki<br>margane kalamun ingsun<br>gĕlĕma kĕrĕp prapta<br>yen Paduka mapan inggih sintĕn purun<br>sakarsa-karsa pan dadya<br>mesĕm Kangjĕng Senapati | “Menyebalkan itu<br>sampai sakit tak ada hentinya.<br>Itu sebabnya andai aku<br>mau sering datang,<br>kalau Paduka juga menghendaki,<br>semau-mau akan jadi.”<br>Tersenyum Kanjeng Senapati, |
| 117. | Jĕng Ratu nulya musna<br>saking pangkon jĕntung Sang Senapati<br>ĕnĕngna gĕntya winuwus<br>Sultan Pajang pan lagya<br>siniwaka munggweng tĕtarub agung | lalu Kanjeng Ratu musnah<br>dari pangkuan. Tertegun Sang Senapati.<br>Hentikan ganti diceritakan,<br>Sultan Pajang sedang<br>di hadapan *tarub agung,* |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | pĕpak kang pra dipatya<br>Jĕng Sultan atanya aris | lengkap para adipati.<br>Kanjeng Sultan halus bertanya, |
| 118. | Paran ta Mancanĕgara<br>ing wĕrtane iya si Senapati<br>apa sida ngangkat pupuh<br>apa tĕluk kewala<br>Sang Dipatya Mancanĕgara turipun<br>pun Senapati Mĕntaram<br>mapan inggih wĕrtineki | “Bagaimana Mancanegara<br>kabar si Senapati?<br>Apakah jadi memulai perang,<br>atau takluk saja?”<br>Sang Adipati Mancanegara katanya,<br>“Senapati Mataram<br>kabarnya |
| 119. | Kĕdah rosa ngangkat aprang<br>nanging Gusti datan purun miwiti<br>pan baris pĕndhĕm puniku<br>mapan sabalanira<br>Randhugunting winĕtawi- (h. 341)s<br>wontĕn sewu<br>prajuritipun Mĕntaram<br>Gusti langkung dene kĕdhik | harus perkasa memulai perang,<br>tetapi Gusti tidak mau mamulai,<br>berbaris *pendhem*<br>dengan prajuritnya<br>di Randugunting kira-kira ada seribu<br>prajurit Mataram.<br>Gusti lebih sedikit” |
| 120. | Ngandika malih Sang Nata<br>yen mĕngkono eh iya Mancanĕgari[32]<br>dadi wus tita satuhu<br>Senapati Mĕntaram<br>nora kĕna yen denarah bĕcik iku<br>wus ta padha undhangĕna<br>sagung kang para dipati | Berkata lagi Sang raja,<br>“Kalau demikian heh Mancanegara,<br>jadi sudah paham benar<br>Senapati Mataram<br>tidak bisa diharapkan menjadi baik.<br>Sudah semua panggillah<br>segenap para adipati, |
| 121. | Padha konĕn magut yuda<br>tur sandika Raden Mancanĕgari<br>nulya aparentah sampun’tĕngaraning ayuda<br>tĕtĕk kĕndhang gong beri swarane umyung<br>mariyĕm ambal-ambalan | perintahkanlah menyerang.”<br>Menyatakan bersedia Raden Mancanegara,<br>lalu memerintah untuk memberi tanda perang,<br>*tetek* kendang gong *beri* suara bergemuruh.<br>Meriam bersahut-sahutan.<br>Para adipati sudah siap. |

[32] Lebih satu suku kata.

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | wus ta tata kang pra dipati | |
| 122. | Měngkana ingkang winarna<br>Senapati kang baris Randhugunting<br>lan sawadya ing Měntarum<br>kagyat nulya siyaga<br>wus miarsa yen Sultan ngantěp prang pupuh<br>Senapati ngandika<br>mring sagung wadya Měntawis | Demikianlah diceritakan,<br>Senapati yang berbaris di Randugunting,<br>dan seluruh prajurit Mataram,<br>terkejut lalu siaga,<br>ketika telah mendengar Sultan mengangkat peperangan.<br>Senapati berkata<br>kepada semua prajurit Mataram, |
| 123. | Eh sakehe sanakingwang<br>poma-poma aja (h. 342) obah sireki<br>lan sira adhi Tuměnggung<br>Mayang anindhihana<br>aja kongsi obah poma kabeh iku<br>mapan ingsun ayun lunga<br>sadhela arěp udani | "Heh semua saudaraku<br>engkau jangan bergerak.<br>Dan engkau adinda Tumenggung<br>Mayang pimpinlah.<br>Jangan sampai bergerak semua itu,<br>aku akan pergi<br>sebentar akan melihat |
| 124. | Lan si paman Mandaraka<br>pan sandika samya aturireki<br>Sang Senapati pan sampun<br>lawan Ki Mandaraka<br>nitih kuda cinaměthi kuda mamprung<br>sakědhap prapta Cagur wana<br>mapan Kangjěng Senapati | dengan si paman Mandaraka."<br>Semua bersedia seiya sekata.<br>Sang Senapati sudah<br>bersama Ki Mandaraka,<br>menunggang kuda, dicambuk kuda lari.<br>Sebentar sampai di hutan Cagur,<br>Kanjeng Senapati |
| 125. | Nanuwun dhatěng Yang Sukma<br>tan pantara juměgur kang wiyati<br>kang gunung munya gumlědhug<br>obah kang bumi prakěmpa<br>Sunan Lawu nulya angabani gupuh<br>sagung pra ratu samya<br>sědaya wus malih warni | memohon kepada Ywang Sukma.<br>Tak beberapa lama langit menggelegar,<br>gunung bergemuruh,<br>bumi bergerak (tanda) gempa.<br>Sunan Lawu lalu segera memberi aba-aba.<br>Semua para ratu,<br>semua sudah berubah wujud, |
| 12 | Mapan amrih katingala | supaya terlihat. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 6. | Sunan Lawu malih sela saardi<br>pan ana salumbung-lumbung<br>wĕradin samaesa<br>jim tumĕnggung agĕngnya sagĕnuk-gĕnuk<br>datan pantara kebĕkan<br>lepe- (h. 343) n Ompak sakaleki | Sunan Lawu berubah (menjadi) batu segunung,<br>ada yang selumbung-lumbung,<br>rata-rata sebesar kerbau.<br>Jin tumenggung setempayan besarnya.<br>Tak beberapa lama penuh<br>seluruh sungai Opak. |
| 127. | Jĕng Ratu Kidul winarna<br>neng ngawiyat nitih malige rukmi<br>pan anglir surya tumurun<br>lan Ratu Nawangrĕtna<br>ratuning jim wanodya pĕpak sĕdarum<br>mapan neng malige samya<br>jim alit wus kinen sami | Diceritakan Kanjeng Ratu<br>di angkasa menunggang *dampar* emas<br>bagaikan matahari turun,<br>bersama Ratu Nawangretna,<br>ratu jin wanita lengkap semua.<br>Di *dampar* semua<br>jin kecil semua sudah diperintahkan |
| 128. | Asurak mapan sĕdaya<br>dadya gĕtĕr patĕr ingkang pratiwi<br>Jĕng Sunan Lawu pan sampun<br>nata kang baris samya<br>sampun tata Jĕng Sultan Pajang winuwus<br>mapan wus nitih dipangga<br>wong Pajang pan kuwur sami | bersorak semua,<br>menggelegar bergetar tanah.<br>Kanjeng Sunan Lawu sudah<br>menata barisan semuanya.<br>Sudah siap Kanjeng Sultan Pajang. Diceritakan sudah menunggang gajah.<br>orang Pajang semua kebingungan. |
| 129. | Mĕngkana kang ponang sela<br>ingabanan nulya gambira sami<br>samya minggah dharat sampun<br>nulya samya nĕrajang<br>pra dipati tinĕmpuh watu salumbung<br>tumĕnggung pan samaesa<br>sagĕnuk kang para mantri | Demikianlah bebatuan<br>diperintah lalu semua gembira,<br>semua sudah naik ke darat,<br>lalu semua menerjang.<br>Para adipati diterjang batu selumbung,<br>tumenggung sebesar kerbau,<br>sebesar tempayan para mantri. |
| 130. | Jĕng Sultan Pajang anulya<br>tinĕrajang marang sela ardi<br>sakĕlangkung gegeripun | Kanjeng sultan pajang lalu<br>diterjang oleh batu gunung,<br>sangat ributnya. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | sagung (h. 344) wadya ing Pajang<br>apuyĕngan tambuh rewang tambuh mungsuh<br>sĕdaya mapan mĕngkana<br>wus nyana lamun tan urip | Semua prajurit Pajang,<br>kacau tak tahu teman atau musuh.<br>Semua demikian,<br>menyangka tak akan hidup. |
| 131. | Kathah karenahing jalma<br>ingkang samya wau ngupados urip<br>ana ingkang menek kayu<br>mapan sawĕneh ana<br>ngungsi arga mĕngkana ing ciptanipun<br>lah mara watu meneka<br>lawan amunggaha wukir | Banyak upaya manusia,<br>semua mengupayakan hidup.<br>Ada yang menaiki pohon,<br>ada beberapa<br>mengungsi ke gunung demikian pikirnya,<br>“Ayo batu memanjatlah,<br>dan naikilah gunung.” |
| 132. | Kang sawĕneh mapan ana<br>ingkang niba lajĕng pi-api mati<br>saking sayahnya lumayu<br>sampun derah kewala<br>ingkang kathah samya ngungsi wingkingipun<br>Sang Senapati Mĕntaram<br>kang menek kayu winarni | Lainnya ada<br>yang menjatuhkan diri lalu berpura-pura mati,<br>karena sangat letihnya,<br>hanya nekad saja.<br>Banyak yang mengungsi di belakang<br>Sang Senapati Mataram.<br>Yang memanjat diceritakan, |
| 133. | Pan ana lĕlĕmbut jawal<br>ingkang menek samya denpurugi<br>lawan ngithik-ithik iku<br>sĕdaya samya tiba<br>babak bunyak kathah kongsul balungipun<br>ingkang minggah dhatĕng arga<br>sĕdaya wus dencĕgati | ada hantu nakal,<br>(mereka) yang memanjat didatangi<br>dan digelitik<br>sehingga semua berjatuhan.<br>Banyak luka dan meleset tulangnya.<br>Yang naik ke gunung<br>semua sudah dicegat |
| 134. | Gĕndruwo lawan the- (h. 345) thekan<br>ilu-ilu kĕblak lan banaspati<br>wewe wĕdhon bugang bau<br>jrangkong lawan kang sirah | oleh *gendruwo* dan *thethekan*<br>*iliu-ilu, keblak* dan *banaspati*<br>*wewe, wedhon, bugang bau*<br>*jrangkong* dengan kepalanya |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | warna-warna sampun baris luhur gunung<br>andher pan sampun kebĕkan<br>jalma kang samya angungsi | aneka macam sudah berbaris di atas gunung,<br>berkumpul sudah memenuhi tempat.<br>Manusia yang mengungsi |
| 135. | Mapan kathah minggah ngarga<br>sarĕng prapta lajĕng kalĕngĕr sami<br>kami kĕkĕlĕn andulu<br>mulat rupa tan rupa<br>dhasar sayah wus pĕdhot ambĕkanipun<br>lajĕng samya sinurakan<br>kalawan ingithik-ithik | banyak yang menaiki gunung,<br>setelah sampai lalu pingsan.<br>Semua terguncang gemetaran.<br>melihat wajah tanpa rupa.<br>Disebabkab lelah (serasa) putus nafasnya.<br>Lalu semua disoraki<br>dan digelitik. |
| 136. | Kawarna Dipati Tuban<br>sampun kontal saking turangganeki<br>dhawah ngathang-athang iku<br>kongsul kalih sukunya<br>mapan lajĕng sendheyan galĕngan iku<br>sĕdhakĕp kalih astanya<br>sampun pasrah mring Yang Widi | Diceritakan Adipati Tuban,<br>sudah terlempar dari kudanya,<br>jatuh menggelepar,<br>terpuntir kakinya.<br>Lalu bersandar di *galengan,*<br>bersedekap dua tangannya,<br>sudah pasrah pada Ywang Widi. |
| 137. | Kang sela ngadhĕp kewala<br>Kangjĕng Sultan wau ingkang winarni<br>binujung mring Sunan Lawu<br>dipangga langkung gila<br>dadya kontal Sang Nata pan sampun dhawuh<br>lajĕng tan sagĕd lumampah<br>sendhean kang (h. 346) wit waringin | Batu hanya menghadap.<br>Diceritakan Kanjeng Sultan,<br>dikejar oleh Sunan lawu.<br>Gajah sangat ketakutan,<br>menyebabkan Sang Raja jatuh terpental,<br>lalu tak bisa berjalan,<br>bersandar pada pohon beringin. |
| 138. | Kang liman sampun lumajar<br>Sunan Lawu kendĕl pambujungneki<br>Dipati Manca andulu<br>lawan Pangran Bĕnawa<br>yen Jeng Sultan wus dhawuh saking esthiku | Gajah sudah berlari,<br>Sunan Lawu menghentikan pengejarannya.<br>Adipati Manca menyaksikan<br>bersama Pangeran Benawa,<br>Kalau Kanjeng Sultan jatuh dari gajahnya,<br>lalu semua berbela, |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | lajěng samya amběk pějah<br>tědhak sing turangga kalih | keduanya turun dari kuda. |
| 139. | Kangjěng Sultan sinungkěman<br>Sang Dipatya lawan Pangran Běnawi<br>lan sangět pěnangisipun<br>rumiyin tur kawula<br>lah punika adhuh Gusti těmahanipun<br>ngandělakěn sugih bala<br>měgat truh tan ana kari | Kanjeng Sultan disujudi,<br>Sang Adipati dan Pangeran Benawa<br>menangis keras.<br>"Dulu saya menyatakan<br>Dan ini Gusti jadinya.<br>Mengandalkan banyak prajurit,<br>*Megatruh*[33] tak tersisa |

[33] *Megatruh* sebagai penanda *sasmita tembang* yang akan berganti *pupuh* dengan menggunakan metrum *megatruh.*